ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№49 (23.707) ● 2018 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 14, щэбэт ● И уасэр зы тумэнщ

**«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и бюджетым хуримыкъум щыщ Iыхьэр ирапшынын папщIэ федеральнэ бюджетым къыхэкI бюджет кредит Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и бюджетым къыхуэутIыпщыным теухуа ЗэгурыIуэныгъэм ЩIагъуж зэгурыIуэныгъэр къэщтэным и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым теухуауэ**

### Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и бюджетым хуримыкъум щыщ Iыхьэр ирапшынын папщIэ федеральнэ бюджетым къыхэкI бюджет кредит Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и бюджетым къыхуэутIыпщыным теухуа ЗэгурыIуэныгъэм ЩIагъуж зэгурыIуэныгъэр къэщтэным и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр къэщтэн.

2. А Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм хуегъэхьын Iэ щIидзын икIи хэIущIыIу ищIын папщIэ.

3. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщI ЕГОРОВЭ Татьянэ.**

*Налшык къалэ*
*2018 гъэм гъатхэпэм и 20-м*
*№841-П-П*

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и бюджетым хуримыкъум щыщ Iыхьэр ирапшынын папщIэ федеральнэ бюджетым къыхэкI бюджет кредит Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и бюджетым къыхуэутIыпщыным теухуа ЗэгурыIуэныгъэм ЩIагъуж зэгурыIуэныгъэр къэщтэным и IуэхукIэ**

### Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон

***Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым къищтащ 2018 гъэм гъатхэпэм и 20-м***

**1 статья**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и бюджетым хуримыкъум щыщ Iыхьэр ирапшынын папщIэ федеральнэ бюджетым къыхэкI бюджет кредит Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и бюджетым къыхуэутIыпщыным теухуа ЗэгурыIуэныгъэ №01-01-06 06/-304-м, 2017 гъэм дыгъэгъазэм и 6-м Iэ зыщIадзам, №1-м щIэту ЩIагъуж зэгурыIуэныгъэу 2017 гъэм дыгъэгъазэм и 25-м Iэ зыщIадзар, къэщтэн.

**2 статья**

Мы Законым къару егъуэт официальнэу къыщытрадза махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий**

*Налшык къалэ*
*2018 гъэм гъатхэпэм и 21-м*
*№9-РЗ*

**«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал къулыкъухэм я Реестрымрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал граждан IэнатIэм хиубыдэ къулыкъухэм я Реестрымрэ я IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 2-нэ статьям зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым хуэгъэзауэ**

### Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал къулыкъухэм я Реестрымрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал граждан IэнатIэм хиубыдэ къулыкъухэм я Реестрымрэ я IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 2-нэ статьям зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр къэщтэн.

2. А Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм хуегъэхьын Iэ щIидзын икIи хэIущIыIу ищIын папщIэ.

3. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщI ЕГОРОВЭ Татьянэ.**

*Налшык къалэ*
*2018 гъэм гъатхэпэм и 20-м*
*№845-П-П*

**«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал къулыкъухэм я Реестрымрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал граждан IэнатIэм хиубыдэ къулыкъухэм я Реестрымрэ я IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 2-нэ статьям зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэным теухуауэ**

### Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон

***Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Парламентым къищтащ 2018 гъэм гъатхэпэм и 20-м***

**1 статья**

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал къулыкъухэм я Реестрымрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал граждан IэнатIэм хиубыдэ къулыкъухэм я Реестрымрэ я IуэхукIэ» 2007 гъэм гъатхэпэм и 24-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №20-РЗ-м и 2-нэ статьям и Iыхьэ 2-м зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэн икIи абы дыщIыгъужын мы къыкIэлъыкIуэм хуэдэу зэрыт «д» пунктыр:

«д) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал граждан къулыкъущIэм къыбгъэдохуэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и архитектор нэхъыщхьэм и лэжьыгъэр игъэзэщIэну».

**2 статья**

Мы Законым къару егъуэт официальнэу къыщытрадза махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий**

*Налшык къалэ*
*2018 гъэм мэлыжьыхьым и 2-м*
*№11-РЗ*

## Зэрадэлэпыкъу ахъшэр нэхъыбэ ящIащ

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Ю. А. къыдигъэкIа УказымкIэ хуэдэ зырэ никъуэкIэ (сом мин 20-м щегъэжьауэ сом мин 30-м нэсу) нэхъыбэ ящIащ Хэку зауэшхуэм никъуэдыкъуэ щыхъуахэмрэ абы хэтахэмрэ, апхуэдэу зауэм хэкIуэдахэм я щхьэгъусэхэм гъэ къэс зэрадэлэпыкъу ахъшэр.**

КъБР-м ЛэжьыгъэмкIэ, цIыхухэр IэнатIэкIэ къызэгъэпэщынымрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министерствэм къызэритамкIэ, ахъшэр зыхуэфащэхэм ирату щIадзэнущ 2018 гъэм накъыгъэм и 5-м щегъэжьауэ.

***КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.***

● КъБР-м и Парламентым



## Зыужьыныгъэм и лъабжьэщ

**КъБР-м и Парламентым иджыблагъэ щытепсэлъыхьащ республикэм и мэкъумэш IэнатIэр зыхуэдэмрэ абы зэрызиужьымрэ.**

ЗЭIУЩIЭМ и пэ къихуэу, депутатхэр еплъащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэш IэнатIэхэм къыщIагъэкIхэр щагъэлъэгъуа выставкэм.

КъБР-м и Парламентым и УнафэщI **Егоровэ Татьянэ** жиIащ зэIущIэр КъБР-м и Парламентым Мэкъумэш политикэмкIэ, экологиемкIэ, щIыуэпсыр хъумэнымрэ щIы IуэхухэмкIэ и комитетым и жэрдэмкIэ къызэрызэрагъэпэщар. «Къэбэрдей-Балъкъэрым и экономикэм мэкъумэш IэнатIэр лъабжьэшхуэ хуохъу, адэкIи абы зэрызедгъэужьыным, адрей щIыналъэхэм дазэрефIэкIын Iэмалхэм дегупсысын хуейщ», - жиIащ Егоровэм.

КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и япэ къуэдзэ - мэкъумэш IэнатIэмкIэ и министр **Говоров Сергей** къыхигъэщащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым мэкъумэш IэнатIэм зыщегъэужьыным и IуэхукIэ» КъБР-м и къэрал программэм тету я лэжьыгъэхэр зэраубзыхур.

- 2017 гъэм мэкъумэш IэнатIэм сом мелард 46,2-рэ и уасэ къыщIигъэкIащ, Iэщ гъэхъуным - сом мелард 20,3-рэ. Пхъэщхьэмыщхьэу республикэм къилэжьар тонн мини 190,3-рэ мэхъу. ИлъэситI хъуауэ гъавэу тонн зы мелуан къытыдох, ар проценти 100,5-м нэдгъэсащ. 2020 гъэ пщIондэ ди мурадщ хадэхэкIхэм яхухэтх щIыр гектар мин 30-м нэдгъэсыну, абыхэм тонн мин 750-рэ къытетхыну. Республикэм адрей щIыналъэхэм иригъашэр тонн мин 450-м тхунэгъэсыну дыкъегъэгугъэ, - жиIащ Говоров Сергей.

ПсынщIэу зызыужь жыгхэр гъэтIысыным щытепсэлъыхьым, министрым къыхигъэщащ мы зэманым апхуэдэ хадэхэм гектар зы минрэ 700-рэ къызэрызэщIаубыдэр. Илъэс куэдкIэ къызыпыкIэ жыгхэр 2020 гъэ пщIондэ щIы гектар мин 20-м нагъэсынущ, пхъэщхьэмыщхьэу тонн мин 400-м нэс къырахьэлIэу хъун папщIэ. Министрым зэрыжиIамкIэ, республикэм къыщрахьэлIэ хадэхэкIым езыр зэрырикъужым къищынэмыщIауэ, нэгъуэщI щIыналъэхэми абы и проценти 9 ирегъэшэф.

Говоровым жиIащ 2017 гъэм республикэм и мэкъумэш IуэхущIапIэу 3-р (лым, шэм, бжэн гъэхъуным елэжьу) лъэпкъыфI зиIэ, къыщIагъэкIхэмкIэ дагъуэншэ IэнатIэхэм хабжащ. Къапщтэмэ, псори зэхэту апхуэдэ IэнатIэу республикэм 17 щолажьэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым иджырей мардэхэм тету ящIауэ пхъэщхьэмыщхьэ хъумапIэ 22-рэ щыIэщ. Абыхэм ящыщу 7-м къэрал мылъку хэлъщ, псоми зэхэту сом мелуан 242-рэ къызэщIаубыдэу.

- «2014 - 2017 гъэхэм, 2020 гъэ пщIондэ ятещIыхьауэ къуажэхэм зегъэужьын» федеральнэ программэ хэхам хыхьэу, 2017 гъэм къуажэдэс унагъуэ 38-м я псэукIэр ирагъэфIэкIуащ. Абыхэм ящыщу 27-р унагъуэщIэхэм ящыщщ, 15-м бын куэд щапI. КъищынэмыщIауэ, нэгъабэ духуащ фельдшер-акушер IуэхущIапIитI, метр зэбгъузэнатIэ 2968-рэ хъу спорт ухуэныгъэ, цIыху 300 зыщIэхуэн ЩэнхабзэмкIэ унэр (Псынэдахэ къуажэм), - жиIащ министрым.

КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министр **Рахаев Борис** жиIащ республикэ, федеральнэ бюджетхэм къыхэкIыу мэкъумэш IуэхущIапIэхэм ирата субсидие кредитыр сом мелард 34-рэ мелуан 924-рэ зэрыхъур.

ЗэIущIэм къыщыпсэлъащ Тэрч районым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэ **Дадэ МуIэед**, «Налшык шэ комбинат» ООО-м и унафэщIым и къуэдзэ **Казанков Юрий**, Къэбэрдей-Балъкъэр мэкъумэш къэрал университетым и ректоратым и чэнджэщэгъу **Щыхьмырзэ Мухьэмэд**, КъБР-м и фермер хозяйствэхэмрэ мэкъумэш зэгухьэныгъэхэмрэ я советым и унафэщI **ГуэбэщIыкI Жантемыр**, «Зольский картофель» ООО-м и унафэщI **БжэныкIэ Руслан**.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**

## Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалэхэр зэIузэпэщ щIыным сом мелард хуэдиз трагъэкIуэдэнущ

**ПщIантIэхэр, фэтэр куэд хъу унэхэм щIэсхэм я зыгъэпсэхупIэу щыт щIыпIэхэр зэIузэпэщ щIыным 2022 гъэм нэсыху ди республикэм сом мелардым нэблагъэ щытрагъэкIуэдэнущ.**

МЫ АХЪШЭР хухахащ «Къалэм и иджырей щытыкIэр зэтегъэувэным» къэрал программэм къыщыгъэлъэгъуа Iуэхухэр дэгъэкIыным. Абы щыщу федеральнэ бюджетым субсидиеу сом мелуан 913-рэ къиутIыпщынущ, республикэм езым и Iыхьэу абы сом мелуан 68-рэ щIигъужынущ.

Къэрал программэр гъэзэщIэным хиубыдэу 2018 гъэм Тэрч, Тырныауз, Прохладнэ, Бахъсэн къалэхэм я паркхэр зыхуей хуагъэзэну я мурадщ.

***КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.***

● КъБР-м и Правительствэм



## Псыдзэхэм зэрыхуэхьэзырым щытопсэлъыхь

**КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ, республикэм къызэрымыкIуэ щытыкIэхэм я Iэужьхэр гъэкIуэдыжынымкIэ и комиссэм и тхьэмадэ Болэтокъуэ Владимир иригъэкIуэкIа зэIущIэм щытепсэлъыхьащ 2018 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым псыдзэрэ ятIэпсрэ къыщехынкIэ, уэсукхъуэхэр къыщыгуэункIэ щыIэ шынагъуэмрэ абыхэм защыхъумэнымкIэ щыIэ Iэмалхэр зыхуэдэмрэ.**

КъБР-м и «Гидрометцентр»-м и унафэщIым и къуэдзэ **Сиротенкэ Любовь** тепсэлъыхьащ а IэнатIэм и IэщIагъэлIхэм Безенги лъэныкъуэмкIэ къыщежэх Шэрэдж, Бахъсэн, Шэджэм псыхэм я къежьапIэхэм къыщахутахэм. КъызэрыщIэкIымкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и къуршылъэ щIыпIэхэм псыIагъэу щызэтрихьар процент 29 - 38-кIэ нэхъыбэщ блэкIа илъэсхэм зэрыщытам нэхърэ. Псы ежэххэр къыщиу лъэхъэнэхэм я уэрагъым проценти 110 - 120-кIэ хэхъуэну хуагъэфащэ.

ЗэIущIэм щыхэплъащ псыдзэхэм, ятIэпсхэм япэщIэт организацэхэмрэ ведомствэхэмрэ а Iуэхум зэрызыхуагъэхьэзырам, я инженер, автомобиль техникэхэр зэрыхуэгъэпсам. 2018 гъэм республикэм и муниципалитетхэм къызэрымыкIуэ щытыкIэхэм я Iэужьхэр гъэкIуэдыжыным, псори зэхэту, сом мелуани 158-рэ мин 465-рэ хухахащ.

Бгы лъагэ геофизикэ институтым и унафэщI **Беккиев Мухьтар** къыхигъэщхьэхукIащ 2017 гъэм фокIадэм и 1-м къурш мылылъэхэм я лъабжьэкIэ щыIэ Башкарин хыжьейм къыщхьэдэукIыу, Адыл-Су, Бахъсэн тIуащIэхэм, ятIэрэ мывэрэ хэлъу, къыдэлъэда псым къиша къулейсызыгъэхэм хуэдэхэр мы гъэм щымыIэну къызэрилъытэр.

«Росгидромет»-м и Кавказ Ищхъэрэ дзэ къулыкъум и унафэщI **Чочаев Хъызыр** къызэхуэсахэм ягу къигъэкIыжащ Чегет, Азау хуейхэм щылажьэ хьэщIэщхэмрэ шхапIэхэмрэ уэсукхъуэхэр къыщех щIыпIэм зэритыр. Абы къегъэхьэлъэ абдежым къегъэщIылIа джабэ нэкIухэм топкIэ яхэуэныр, уэсукхъуэхэр зи гугъу тщIа ухуэныгъэхэм къалъэIэсынкIэ шынагъуэ щыIэщи. Уэсыр зэтезыIыгъэ IущIапIэхэу а щIыпIэм щыIэхэри мы гъэмахуэм, Iэмал имыIэу, зэгъэпэщыжын хуейщ.

Республикэм щIыуэпс хъугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министрым и къуэдзэ **Апхуд Мурат** и псалъэхэм ятепщIыхьмэ, УФ-м и бюджетым къыхэкIыу къаутIыпща сом мелуан 25,5-р псыдзэ къащIэуэнкIэ шынагъуэ здэщыIэ щIыпIэ псори ирахъумэным хурикъунукъым. Абы щыгъуэми, Эльбрус, Нейтринэ, Бахъсэн Ипщэ, Котляревскэ, ХьэтIохъущыкъуей, Шэрэдж Ищхъэрэ жылагъуэхэмрэ абыхэм егъэщIылIа гъуэгухэмрэ псыдзэхэр ящIэуэнкIэ шынагъуэ щыIэщ.

КъБР-м и Iуащхьэмахуэ щIыналъэм и администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ **Азубэч МуIэед** жиIащ ятIэхэмрэ мывэхэмрэ хэлъу псыдзэ къыщеха 2017 гъэм и ужькIэ, Бахъсэн псым и жапIэм Нейтринэ жылагъуэм и деж зэрызыщихъуэжар, обсерваторием и IуэхущIапIэхэм гъунэгъу закъызэрыхуищIар. КъищынэмыщIауэ, нэгъабэ я лъабжьэхэр къричу Iуащхьэ джабэхэм кърихьэха жыг зэхэфыщIахэм лъэмыж лъабжьэхэр, къуэм и зэвыпIэхэр якудэнкIэ шынагъуэ щыIэщ.

- Адыл-Су, Бахъсэн тIуащIэхэм щежэх псыхэм я кIуапIэхэр щэбэт щIыхьэхухэм дгъэкъэбзащ, зэрытхузэфIэкIкIэ, - къыхигъэщащ Азубэчым. - АрщхьэкIэ, лъэдакъэжьхэр Iутхын папщIэ, мы Iуэхум хуэщIа техникэ лъэщ дыхуейщ. Псыдзэр Бахъсэн ГЭС-м и лэжьыгъэми зэран хуэхъункIэ шынагъуэ щыIэщ.

ЗэIущIэм кърикIуахэм япкъ иткIэ, ягъэхьэзырынущ Бахъсэн псыр гъэкъэбзэным республикэм и резерв фондым сом мелуан 11,5-рэ хухэхыным теухуауэ КъБР-м и Правительствэм къищтэну унафэм и проектыр. Апхуэдэуи я мурадщ Нейтринэ обсерваторием деж псым и Iуфэхэр щыгъэбыдэным сом мелуан трагъэкIуэдэну.

**КЪУМАХУЭ Аслъэн.**

## Бабугент къуажэм щыщ еджакIуэ 12-р сымаджэ щIэхъуар абыхэм псынэпс зэрырафар арауэ къалъытэ. Iуэхур зэхегъэкI Правительствэм и комиссэм

**ЗэкIэ ирагъэкIуэкIа къэпщытэныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуамкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ школакIуэ пщыкIутIым я кIэтIийхэр зэIызыгъэхьар абыхэм псынэпс зэрырафар арауэ къалъытащ. Ар зэхагъэкIыным иджыпсту йолэжь «Роспотренадзор»-м, республикэм Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм я лэжьакIуэхэр зыхэт комиссэр.**

КъБР-м ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэм къызэрыщыджаIамкIэ, Бабугент къуажэм дэт школ-интернат №2-м и еджакIуэу 131-рэ Псы хущхъуэхэм я къыщIэжыпIэм зыплъыхьакIуэ яшащ. Абыхэм ящIыгъуащ адэ-анэхэр, классхэм я унафэщIхэр, гъэсакIуэхэр, медицинэм и лэжьакIуэхэр. Къагъэзэжа нэужь сабийхэм ящыщ зыбжанэ сымаджэ хъуащ. Дохутырхэм къызэралъытэмкIэ, мы Iуэхум узытешыныхьын хэлъкъым.

***КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.***

## Зэгъэпэщыжын яухащ

**Илъэс плIыщIым щIигъу лъандэрэ зыхуей хуамыгъэза «Психоневрологие диспансер» IуэхущIапIэм и унэхэм ящыщ зыр зэгъэпэщыжын яухащ.**

МЫ ЛЭЖЬЫГЪЭМ трагъэкIуэдэн папщIэ Путин Владимир и унафэкIэ 2017 гъэм УФ-м и Президентым и гъэтIылъыгъэ фондым къыхэкIыу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм сом мелуан 18 хухахауэ щытащ икIи республикэ бюджетым и ахъшэу абы сом мелуани 5 щIагъужащ.

Диспансерым хиубыдэ унитхур, апхуэдэу поликлиникэм и унэр 1973 - 1975 гъэхэм ящIауэ щытащ. IуэхущIапIэм гъэ къэс щоIэзэ сымаджэу мини 3,5-м нэблагъэм.

«Республикэм и психоневрологие диспансерыр зэгъэпэщыжыным хунэмысу иужьрей илъэсипщIыр екIуэкIащ. Ауэ иджы лэжьыгъэхэр ежьащи, адрей унэхэри зэгъэпэщыжыным тедгъэкIуэдэну ахъшэр къэтлъыхъуэнущ», - жиIащ КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министр Хъубий Марат.

***КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.***

## Гуапагъэрэ гущIэгъурэ





**ПсапащIэм и махуэр дуней псом щагъэлъапIэ мэлыжьыхьым и 13-м икIи абы и пэ къихуэу Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и администрацэм и лэжьакIуэхэр щыIащ Налшык дэт сабий унэм.**

ЩIЭНЫГЪЭ къэхутэныгъэхэмрэ инновацэ лэжьыгъэмкIэ управленэм, стратегие зыужьыныгъэмкIэ управленэм, секретариатым я лэжьакIуэхэм сабийхэр зэрыджэгуну хьэпшыпхэр, унэм зэрыщIэтыну вакъэхэр, IэфIыкIэхэр здахьащ.

Мы унэм щапI зы илъэсым щегъэжьауэ илъэсиблым нэс зи ныбжь сабийуэ адэ-анэ зыщхьэщымытыжхэр, апхуэдэу, зэрыныкъуэдыкъуэм къыхэкIыу къэзылъхуахэм хыфIадзахэр.

**СЕНИЧ Михаил.**

## «Полк уахътыншэм» и сатырхэм фыкъыхыхьэну фыкъыдогъэблагъэ

**Абы папщIэ фIыгъыну транспарантыр фэ езыхэм вгъэхьэзырыж хъунущ. Апхуэдэу фызыхуей сурэтымрэ тхыгъэмрэ зытет транспарантыр ягъэхьэзырыфынущ мы къыкIэлъыкIуэ IуэхущIапIэхэм:**

«Легко» - Пушкиным и уэрам, 85, пэш 103, телефоныр: 76-00-39;

«Рекламист» - Кировым и уэрам, 306а, телефоныр: 77-40-14;

«Свой стиль» - Лениным и уэрам, 30, телефоныр: 77-40-88;

«Юг Медиа» - Кулиевым и уэрам, 10, телефоныр: 40-35-25;

«Ракурс» - Кировым и уэрам, 2в, телефоныр: 40-09-09;

«Принт Центр» - Къущхьэ зэшхэм я уэрам, 79 а, телефоныр: +7-928-077-06-50.

«Полк уахътыншэр» щежьэну зэманымрэ зытетыну уэрамымрэ теухуауэ нэхъ иужькIэ хъыбар фагъэщIэнущ. ФызыщIэупщIэн щыIэмэ, фыпсалъэ хъунущ мы къыкIэлъыкIуэ телефонхэмкIэ:

+79034266101 - Романовская Аннэ,
+79289141784 - Челикин Артем,
+79280776783 - Сарбашевэ Аминэ,
+79631676069 - Картлыковэ Фаридэ,
+79286919946 - Битокъу Маринэ,
+79280819914 - Битокъу Тамарэ.

● Гу зылъытапхъэ

КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм жэщми махуэми щолажьэ коррупцэм пэщIэтыным теухуауэ пIэщIэгъуэкIэ цIыхухэр здэпсалъэ хъун телефонхэр: **8(8662) 40-89-70, 40-34-32.**

Газетым и электрон пощтыр - adyghe@mail.ru.

«Адыгэ псалъэ» газетыр къыдокI гъубж, махуэку, щэбэт махуэхэм

Интернетым щиIэ сайтыр - adyghepsale.ru.





● Псапэ

# Зыгъэгушхуэт, нэгузыужьт

**«Нарт Хэку», «Жьэгу», «Пэрыт» адыгэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм Налшык дэт Къэрал концерт гъэлъэгъуапIэм мэлыжьыхьым и 11-м щрагъэкIуэкIа псапащIэ пшыхьыр Сирием, нэгъуэщI къэралхэм къиIэпхъукIыжа ди лъэпкъэгъухэм защIэгъэкъуэным хуэгъэзат.**

Хуабжьу Iэтауэ къызэгъэпэща хъуа зэхыхьэр къызэIуахащ икIи ирагъэкIуэкIащ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и артист пажэ, республикэм щIыхь зиIэ и артист **Хьэмырзэ Ахьмэдрэ** КъБКъУ-м филологиемкIэ и факультетым адыгэбзэмрэ урысыбзэмкIэ и къудамэм щеджэ **Мокъуэ Лаурэрэ**.

ЗэIущIэм и пэщIэдзэм псалъэ иратащ Хэкужьым илъэс зыбжанэ ипэкIэ къэзыгъэзэжа **Атиллэ Аскэр**.

- ПсапащIэ Iуэхур къезыхьэжьахэм, ар мыбдежым щезыгъэкIуэкIыну гупыж зыщIахэм фIыщIэ ин яхуэфащэщ. Мыпхуэдэ Iуэхум и лъапIагъыр, и мыхьэнэр дэ, нэгъуэщI къэрал къиIэпхъукIыжахэм, зыхэдмыщIэу, къыдгурымыIуэу щыткъым. Тхьэшхуэм къищынэмыщIа, ди щIэгъэкъуэныр хэкурысхэрщ, гукъыдэж къыдэзытри ахэращ, - жиIащ абы.

Пшыхьыр къафэрэ уэрэдкIэ ягъэдэхащ республикэм и артист пажэхэм, сабий-ныбжьыщIэ ансамблхэм.

Япэу утыкум къихьащ КъБР-м щIыхь зиIэ и артист **Лосэн Тимур** зи пашэ «Бзэрабзэ» гупыр, уэрэджыIакIуэ Iэзэ **ДыщэкI Артур** ящIыгъуу.

- Мыбы ещхь псапащIэ пшыхь Атиллэрэ дэрэ илъэс зыбжанэ ипэкIэ Тыркум и къалащхьэ Истамбыл щедгъэкIуэкIауэ щытащ. Абыи цIыхур Iуву къекIуэлIат. Мыпхуэдэ Iуэху дахэхэм мыр къыпызыщэщи, къыдэхъулIэну, къыщызэхуэсахэм фIыкIэ дигу къинэжыну Тхьэм къыщIигъэкI, - къыхигъэщащ Лосэн Тимур, я уэрэд жыIэкIэм, макъамэ къиšыкIэм къызэхуэсахэр щIагъэдэIун щIамыдзэ ипэ.

Пасэрей пшыналъэу зэпагъэджэжхэм зэманым декIу ежьуукIэр кIэщIэтыжу, ди лъэпкъ щэнхабзэм, гъуазджэм и щэхухэм уахэзыгъэгъуазэ гъэзэщIэкIэт а пщыхьэщхьэм дызыщIагъэдэIуахэр «Бзэрабзэ» гупым хэт артистхэм.

Къыхэгъэщыпхъэщ зэхыхьэм зыкъыщызыгъэлъэгъуа къэфакIуэ, уэрэджыIакIуэ псоми, зэрахузэфIэкIкIэ, пшыхьыр зэрагъэдэхар, къызэхуэсахэр зэрагъэгушхуэным, къызэрыдахьэхыным зэрыпылъар.

Концерт программэр, зэрызэхэугъэува и лъэныкъуэкIэ, хуабжьу купщIафIэт икIи нэгузыужьт. Къызэхуэсахэм ар ягу зэрырихьар къагъэнаIуэрт нэшхуэгушхуагъэу я нэгум щIэтымрэ Iэгуауэ инкIэ артист къэс зэрыпежьахэмрэ. Уэрэдхэм я нэхъыбапIэр нэгъуэщI къэралхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм я деж щауса-хэрат.

Утыкур ягъэбжьыфIащ пшынауэхэу **Иуан БетIал Жыгун Эдуард**, **Къуныжь Тимур**, уэрэджыIакIуэхэу **Тхьэгъэлэдж Светланэ**, **Хьэкъул Оксанэ**, **Лъашэ Альберт**, **Бэч Азэмэтрэ Беслъэней Ренатэрэ**, **ГъукIэ Ислъам**, **ШыкIэбахъуэ Ислъам**, гушыIэным, зыпыщIыжыным хуэIэзэ **Дым Эльдар** сымэ, нэгъуэщIхэми. Сирием къиIэпхъукIыжа ди лъэпкъэгъухэм я щIэблэ, зи ныбжьыр илъэс 11-м хыхьа **Уэтей Хьэзем**, и шыкIэпшынэр езым игъэбзэрабзэу, уэрэд жиIащ.

Къызэхуэсахэм псом хуэмыдэжу ягу дыхьащ, Iэгуауэ ини хуаIэтащ «Шагъдий», «Шэрджэс», «Къэбэрдей» сабий-ныбжьыщIэ къэфакIуэ ансамблхэм, дунейпсо зэпеуэ зэмылIэужьыгъуэхэм бжьыпэр щызыубыдахэм.

Зэхыхьэм къекIуэлIат Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий**, Адыгэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я зэзыгъэуIу советым и Iэтащхьэ **Къалмыкъ Жылэбий**, «Къэббалъкъаудит» фирмэм и унафэщI **ГуэбэщIыкI Жантемыр** сымэ, нэгъуэщIхэри.

Концертым кърихьэлIахэм Сирием, нэгъуэщI къэралхэм къикIыжу зи Хэку къэзыгъэзэжахэм папщIэ ахъшэ зэхуахьэсащ.

Псапащ!э пшыхьыр зэхуащIыжащ ПащIэ Бэчмырзэ Хэкум, адыгэ лъэпкъым хуэгъэза, хъуэхъу дахэу зэхэлъ и усэмкIэ.

*Тхыгъэри сурэтхэри*
**КЪУМАХУЭ Аслъэн ейщ.**



● Хъыбар гуапэ

# Урысей Федерацэм и колледж нэхъыфIхэм халъытэ




**Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым Хъыбарегъащ!э технологиехэмрэ экономикэмкIэ и колледжыр (КИТиЭ) (унафэщIыр Нэхущ ФатIимэтщ) ехъулIэныгъэ иIэу хэтащ «УФ-м IэщIагъэ щрагъэгъуэт и курыт еджапIэ нэхъыфIи 100» етIуанэ Урысейпсо зэпеуэм. Ар яхэхуащ «Урысей Федерацэм и колледж нэхъыфI-2018» унэтIыныгъэм и лауреат хъуахэм.**

ЗЭПЕУЭР Санкт-Петербург щекIуэкIащ. Абы и къызэгъэпэщакIуэ «Леон» аналитикэ центрым и IэщIагъэлIхэм зэрыжаIэмкIэ, зэхьэзэхуэм и мурад нэхъыщхьэр курыт щIэныгъэрэ IэщIагъэрэ цIыхухэм щрагъэгъуэт курыт еджапIэхэу къэралым щылажьэхэм я нэхъыфIхэр къэхутэнырщ. Ар белджылы ящIын папщIэ, аналитикэ центрым и IэщIагъэлIхэр набдзэгубдзаплъэу кIэлъоплъ Iуэхущ!апIэхэм щызэфIах лэжьыгъэхэм, ахэр унэтIыныгъэкIэ зэщхьэщыхауэ къапщытэ. Апхуэдэ мыгъэрей лэжьыгъэм кърикIуащ КИТиЭ-р Iуэху зехьэкIэ пэрыт щызэфIах, курыт щIэныгъэрэ IэщIагъэрэ щрагъэгъуэт колледж нэхъыфIхэм зэрыхалъытар.

Къэралпсо зэхьэзэхуэм пашэ щыхъуахэм зэрахэхуам папщIэ КъБКъУ-м и КИТиЭ-м кърататщ Лауреатым и диплом лъапIэр. Къинэмыщ!ауэ, еджапIэм къыхуагъэфэщащ «Урысей Федерацэм и колледж нэхъыфIи 100» медалыр. Ди республикэм и цIэр урысейпсо утыкум фIыкIэ щызыгъэIуа КИТиЭ-м и унафэщIхэми студентхэми ди гуапэу дохъуэхъу зыIэрагъэхьа текIуэныгъэ инымкIэ. Ди фIэщ мэхъу абы ехъулIэныгъэщIэхэр къызэрыдэкIуэнур.

**ЖЫЛАСЭ Маритэ.**

● Адыгэбзэ хасэ

# Хэт нэхъ Iущ?

**ХьэтIохъущокъуэ Къазий и цIэр зезыхьэ Адыгэбзэ Хасэм Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щригъэкIуэкIащ Iущыцэхэм я хэгъэгупсо зэпеуэр.**

АР КЪЫЩЫХИЛЪХЬЭМ, Хасэм къалэн нэхъыщхьэу иIар еджакIуэхэм я гур щIэныгъэм хузэIухыныр, ар къэгъэсэбэпауэ я бзэм зегъэужьыныр, лъэпкъыр, щIыналъэр, и Хэкур фIыуэ зылъагъу, нэгъуэщI лъэпкъхэм я щхьэхуэныгъэхэм пщIэ хуэзыщI ныбжьыщIэ гъэсэнырщ. Iущым и Iущыжыр еджакIуэхэм къахэшыныр зи мурад нэхъыщхьэу щыта зэхьэзэхуэм хэтыну хуитт 8 - 11-нэ классхэм щIэсхэр.

Къэпщытак!уэхэу кърагъэблэгъат адыгэ сурэтыщI цIэрыIуэ Црым Руслан, Шэджэм къалэ дэт 1-нэ курыт еджапIэм адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и егъэджакIуэ Къардэн Олеся, Адыгэбзэ Хасэм и хасащхьэм хэт ХьэцIыкIу Рае сымэ.

«Нарт эпос: лIыхъужьхэм я Iэщэ-фащэмрэ Iэмэпсымэхэмрэ» - арат япэ зэхыхьэм и темэу къыхахар. Пасэу хъыбар ирагъэщIати, еджакIуэхэм Iэмал яIащ абы зыхуагъэхьэзырыну.

ЯпэщIыкIэ цIыкIухэр адыгэбзэм, литературэм, тхыдэм ехьэлIауэ зэхагъэува лэжьыгъэмкIэ ягъэлэжьащ. Мыбдеж балл бжыгъэ нэхъыбэ къыщызыхьахэр адэкIэ зэпеуэм хэтыну хуит хъурт. Апхуэдэу мыбдеж къыщыхэжанык!ащ Дыгулыбгъуей дэт 8-нэ курыт еджапIэм и 10-нэ классым щеджэ Къуэдзокъуэ Фаридэ (и егъэджакIуэр Чэрты Сюзаннэщ), Аруан щIыналъэм хыхьэ Мысостей дэт курыт еджапIэм и 10-нэ классым щеджэ Жэмгъураз Жанеттэ (и егъэджакIуэр Шорэн Хьэлимэтщ), Дзэлыкъуэ районым хыхьэ Къармэхьэблэ къуажэм и 1-нэ еджапIэм и 9-нэ классым щIэс Думэн Дианэ (и егъэджакIуэр Лыхь Людмилэщ).

А ныбжьыщIищыр адыгэ тхыбзэмрэ жьабзэмкIэ зэпрагъэуащ. Къэпщытак!уэхэм къызэрыхуагъэфэщам хуэдэу, зытеувэну гъуэгухэр (плъыжь, гъуэжь, удзыфэ) абыхэм къыхахри, зэпеуэм щIидзащ. АдэкIэ Iуэхур зэрагъэпсам тету иригъэкIуэкIащ Адыгэбзэ Хасэм и хасащхьэм хэт Къэбардэ Астемыр.

Щыуагъэ къыхэмыкIыу упщIэхэм я жэуапыр иритурэ, екIуу и гъуэгу гъуэжьым ирикIуэри, Къуэдзокъуэ Фаридэ япэ увыпIэр къихьащ.

Ауэ упщIэхэр абдежым щиухакъым. Къэбардэ Астемыр пэшым щIэс еджакIуэхэм и упщIэхэр яритащ, жэуап нэгъэса къэзытым жыджэрыпщIэрэ (орден) жаныпщIэрэ (медаль) къаригъэлэжьу. Хэт сыт хуэфащэми зыгъэбелджылыр къэпщытакIуэхэрат. Къалэжьа жыджэрыпщIэжаныпщIэхэм елъытауэ абыхэм къыкIэлъыкIуэ джэгугъуэм я лэжьыгъэр нэхъ мащIэ хъунущ.

Дахэу, екIуу зэхэта Iуэхур къекIуэлIа псоми яфIэгъэщIэгъуэн хъуауэ, еджакIуэ цIыкIухэр нэхъ тегушхуарэ къыкIэлъыкIуэ джэгугъуэм хэтыну къэбырсеяуэ, псори зэдэарэзыуэ зэхэкIыжащ.

**ХЬЭРЭДУРЭ Аллэ.**



● Жылагъуэ Iуэху

# «Ажалыр щащэр жыIэ!»

**Апхуэдэ фIэщыгъэр зиIэ урысейпсо Iуэхугъуэм и япэ Iыхьэу республикэм щекIуэкIам кърикIуахэр щызэхалъхьэжащ КъБР-м щыIэ МВД-м Наркотикхэр зэрызэрагъэкIуэкIым кIэлъыплъынымкIэ и управленэм (УНК).**

КъБР-м ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэм къызэритамкIэ, школакIуэхэу, IэщIагъэ щызрагъэгъуэт курыт, нэхъыщхьэ еджапIэхэм я студентхэу мин 15-м щIигъу екIуэлIащ республикэ УНК-м, ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ, Узыншагъэр хъумэнымкIэ министерствэхэм я лэжьакIуэхэм къызэрагъэпэща зэIущIэхэм. Наркоманием, медицинэм къыщамыгъэсэбэп наркотикхэкIхэмрэ акъылыр зыгъэутхъуэ пкъыгъуэхэмрэ пэIэщIэ щIыным теухуауэ ирагъэкIуэкIащ Iуэху 620-рэ.

Къэпщытэныгъэ 427-рэ щрагъэкIуэкIащ балигъ мыхъуахэмрэ щIалэгъуалэмрэ куэду щызэхуэс щIыпIэхэм, апхуэдэуи щIапщытыкIащ псэупIэхэр, транспорт, нэгу зегъэужьыпIэ, сату IуэхущIапIэхэр.

КъБР-м щыIэ МВД-м, нэгъуэщI IуэхущIапIэхэм республикэм щыпсэухэм къабгъэдэкIыу къаIэрыхьащ хъыбари 111-рэ, абыхэм япкъ иткIэ уголовнэ Iуэху 57-рэ къаIэтащ, хабзэм къемызэгъыу ящэ наркотикхэкI килограмм 1,4-рэ къытрахащ.

Къэпщытэныгъэхэр ирагъэкIуэкIащ наркотикхэр игъэкIыным ехьэлIа щIэпхъаджагъэхэр зэралэжьам къыхэкIыу мызэ-мытIэу суд зытращIыхьахэм ятеухуауэ. Абыхэм къызэщIаубыдащ цIыху 773-рэ. Суд зытращIыхьахэу, учётым щытхэу 919-м епсэлъащ, къытрагъэзэжу щIэпхъаджагъэ ямылэжьыным хуаущийуэ.

*КъБР-м щыIэ МВД-м и пресс-IуэхущIапIэ.*




Дунейпсо Адыгэ Хасэр, Къэбэрдей Адыгэ Хасэр, «Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакIуэхэр КъБР-м и Iэтащхьэм инвестицэ политикэр пхыгъэкIынымрэ инновацэхэмкIэ и лIыкIуэ хэха **Къэрмокъуэ Хьэчим Мухьэмэд и къуэм** хуогузавэ абы и къуэш **Къэрмокъуэ СулътIан Мухьэмэд и къуэр** дунейм зэрехыжам къыхэкIыу.

# Мы махуэхэм

**Мэлыжьыхьым и 14,**
*щэбэт*

♦**Украинэм и МВД-м и къэрал автоинспекцэм и лэжьакIуэм и махуэщ**
♦**Куржым щагъэлъапIэ я анэдэлъхубзэм и махуэр**
♦**1801 гъэм** Урысейм и пащтыхь Александр Езанэм унафэ къыдигъэкIащ щIэпхъаджагъэ илэжьауэ шэч зыхуащIым щыпкърыупщIыхькIэ залымыгъэ кIэлъыземыхьэным теухуауэ.
♦**1848 гъэм** Урысейм къыщызэрагъэпэщащ цензурэмкIэ комитет. Абы и къалэнт печатым къытехуэхэм щэхуу кIэлъыплъыныр, къэрал унафэщIхэм ягу иримыхь тхыгъэхэр къытремыгъэдзэныр.
♦**1871 гъэм** Германием парламент - рейхстаг - къыщызэрагъэпэщащ.
♦**1879 гъэм** Урысей император Александр ЕтIуанэр яукIыну хэтащ.
♦**1890 гъэм** Америкэ къэралыгъуэхэм я зэгухьэныгъэр къызэрагъэпэщащ. Абы хохьэ Америкэ Ищхъэрэмрэ Ипщэмрэ къызэщIаубыдэ къэрал 35-рэ.
♦**1908 гъэм** Петербург дунейм къыщытехьащ «Сатирикон» журналым и япэ номерыр.
♦**1912 гъэм** Атлантикэ хым жэщым щыщIилъэфащ Инджылызым и «Уайт Стар Лайн» компанием и «Титаник» кхъухьыр. А зэманым абы нэхърэ нэхъ инрэ нэхъ лъэщрэ дунейм зы кхъухьи щащIатэкъым. Хым кърихьэжьа мыл абрагъуэм ар щыжьэхэуам кхъухьым цIыху 2208-рэ исати, псэууэ къелар 704-рэщ.
♦**1918 гъэм** ВЦИК-м унафэ къыдигъэкIащ Бэракъ плъыжьыр къэралым и ныпу къэщтэным теухуауэ.
♦**1923 гъэм** Москва «Наука» тхылъ тедзапIэр къыщызэрагъэпэщащ
♦**1927 гъэм** Швецием щыщ Гётеборг къалэм щызэпкъралъхьащ «Вольво» лIэужьыгъуэм и япэ автомобилыр.
♦**1945 гъэм** Москва къыщызэIуахащ СССР-м ЩIэныгъэхэмкIэ и академием и Ботаникэ хадэ нэхъыщхьэр.
♦**1956 гъэм** США-м дунейм щыяпэу видеомагнитофон щащIащ.
♦**1961 гъэм** Совет Союзым и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и унафэкIэ «СССР-м и кхъухьлъатэзехуэ-космонавт» цIэ лъапIэр къащтащ.
♦Урысей империем и Правительствэм и унафэщIу 1906 - 1911 гъэхэм щыта, къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министру лэжьа, мэкъумэш IэнатIэм зэхъуэкIыныгъэшхуэхэр щегъэкIуэкIыныр къыхэзылъхьа **Столыпин Пётр** къызэралъхурэ илъэси 156-рэ ирокъу.
♦КъБР-м щIыхь зиIэ и дохутыр **Безрокъуэ Олег** и ныбжьыр илъэс 68-рэ ирокъу.
♦Биологие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор **Тау Ибрэхьим** и ныбжьыр илъэс 67-рэ ирокъу.
♦Къэрал къулыкъущIэ, Московскэ областым и губернатор **Воробьёв Андрей** и ныбжьыр илъэс 48-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфауэ щыщытынущ, уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градуси 5 - 6, жэщым градуси 3 - 4 щыхъунущ.

**Мэлыжьыхьым и 15,**
*тхьэмахуэ*

♦**Щэнхабзэм и дунейпсо махуэщ**
♦**Экологием теухуа щIэныгъэхэм я махуэщ**
♦**Урысейм IэщэкIэ ЗэщIэузэда и Къарухэм я радиоэлектроннэ дзэхэм я IэщIагъэлIым и махуэщ**
♦**Къэзахъстаным щагъэлъапIэ зэгуэкIуахэм я махуэр**
♦**Босниемрэ Герцеговинэмрэ Республикэм и армэм и махуэщ**
♦**Ингуш Республикэм и къалащхьэ Магас и махуэщ**. КъалащхьэщIэр илъэс 24-рэ ирокъу.
♦**Куржым щагъэлъапIэ лъагъуныгъэм и махуэр**
♦**1395 гъэм** Тамерланрэ Тохъутэмыщрэ я дзэхэр Тэрч и деж щызэзэуащ.
♦**1795 гъэм** Литвар Урысей империем гухьащ.
♦**1865 гъэм** яукIащ США-м и президент Линкольн Авраам.
♦**1929 гъэм** СССР-м къыщащтащ цIыхур жьы хъуа нэужь къэралым пенсэ хуигъэувыным теухуа хабзэр.
♦**1935 гъэм** Испанием и Компартыр къызэрагъэпэщащ.
♦**1945 гъэм** Британием и дзэхэм хуит къащIыжащ Берген-Бельзен нэмыцэ гъэрэщым исахэр. Зауэ зэманым абы икIуэдащ цIыху мин 50-м щIигъу.
♦**1951 гъэм** Лондон щекIуэкIащ «Дуней псом щынэхъ дахэ пщащэ» япэ зэпеуэр. Абы хэта хъыджэбз 30-м я нэхъ дахэу къалъытар Швецием щыщ Хааксон Кикит.
♦Италием щыщ сурэтыщI щэджащэ, щIэныгъэлI цIэрыIуэ, зи Iэдакъэщ!экIхэр нобэми цIыхухэм яфIэтелъыджэ **Леонардо да Винчи** къызэралъхурэ илъэс 566-рэ ирокъу.
♦Урыс усакIуэ, критик **Гумилёв Николай** къызэралъхурэ илъэси 132-рэ ирокъу.
♦Корее Ищхъэрэм и къызэгъэпэщакIуэ икIи абы и япэ унафэщI **Ким Ир Сен** къызэралъхурэ илъэси 106-рэ ирокъу.
♦ТхакIуэ цIэрыIуэ, фильм куэдым сценарийхэр яхуэзытха **Стругацкий Борис** къызэралъхурэ илъэс 85-рэ ирокъу.
♦Биологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, ЩIДАА-м и академикыу щыта **Слъон Лудин** къызэралъхурэ илъэс 84-рэ ирокъу.
♦УэрэджыIакIуэ цIэрыIуэ, композитор-уэрэдус, СССР-м и цIыхубэ артисткэ, УФ-м и Къэрал саугъэтыр зрата **Пугачёвэ Аллэ** и ныбжьыр илъэс 69-рэ ирокъу.
♦Бельгием и пащтыхь **Филипп** и ныбжьыр илъэс 58-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 8 - 10, жэщым градуси 2 - 4 щыхъунущ.

**Мэлыжьыхьым и 16,**
*блыщхьэ*

♦**Циркым и дунейпсо махуэщ**
♦**Армением и полицэм и лэжьакIуэм и махуэщ**. 2001 гъэм а къэралым къыщащтащ «Полицэм и IуэхукIэ» законыр.
♦**Болгарием щагъэлъапIэ я Конституцэмрэ юристымрэ я махуэхэр**. Я конституцэр 1879 гъэм къэралым и Япэ цIыхубэ зэхуэсышхуэм къыщащтауэ щытащ.
♦**1905 гъэм** Урысейм и япэ профсоюзыр - печатым и лэжьакIуэхэм яйр - къызэрагъэпэщащ.
♦**1920 гъэм** цIыхубэ милицэм и Налшык управленэр къызэрагъэпэщащ.
♦**1934 гъэм** СССР-м и ГъэзэщIакIуэ комитет нэхъыщхьэм и унафэкIэ ягъэуващ «Совет Союзым и ЛIыхъужь» цIэ лъапIэр. Ар япэ дыдэу, 1934 гъэм мэлыжьыхьым и 20-м, зыфIащар «Челюскин» кхъухьым исахэр мылым къытезыхыжа кхъухьлъатэзехуэхэу Ляпидевский Анатолий, Леваневский Сигизмунд, Молоков Василий, Каманин Николай, Слепнёв Маврикий, Водопьянов Михаил, Доронин Иван сымэщ.
♦**1945 гъэм** советыдзэхэр Берлин ебгъэрыкIуэу хуежьащ.
♦**2006** гъэм Иркутскэ областымрэ Усть-Ордынскэ Бурятскэ автономнэ округымрэ референдум щекIуэкIащ ахэр зэгуэгъэхьэным теухуауэ. ЩIыналъэхэм щыпсэухэм я процент 90-р и телъхьэ хъуащ УФ-м субъектыщIэ - Иркутскэ область - къыщыунэхуным.
♦Инджылызымрэ Америкэмрэ я актёр, сценарист, композитор, режиссёр **Чаплин Чарли** къызэралъхурэ илъэси 129-рэ ирокъу.
♦Совет актёр, СССР-м и цIыхубэ артист **Самойлов Евгений** къызэралъхурэ илъэси 106-рэ ирокъу.
♦Актёр, кинорежиссёр, сценарийхэр зытх, РСФСР-м и цIыхубэ артист **Никоненкэ Сергей** и ныбжьыр илъэс 77-рэ ирокъу.
♦Нэмыцэ биатлонист, Олимп джэгухэм плIэнейрэ я чемпион хъуа **Фишер Свен** и ныбжьыр илъэс 47-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 12 - 13, жэщым градуси 5 - 6 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**Гужь зиIэр вакъэжькIэ мауэ.**

● ХъыбарегъащIэ

# КъэфакIуэ цIэрыIуэхэм Москва зыкъыщагъэлъэгъуэнущ

**2018 гъэм мэлыжьыхьым и 17-м сыхьэт 19-м «Кабардинка» къэрал академическэ ансамблым концерт ин щитынущ Москва МакъамэмкIэ и дунейпсо унэм и Светлановскэ залым.**




ГУПЫМ и дэтхэнэ зы концертри къафэм и махуэшхуэщ. ЩIалэ къуданхэм я къафэ щIэщыгъуэхэр зэрахъуэкIынущ хъыджэбзхэм я уджхъуреймкIэ, теплъэгъуэхэмкIэ. КъэфакIуэхэм я гъусэу зыкъагъэлъэгъуэнущ Кавказ Ищхъэрэм ис лъэпкъхэм я макъамэ Iэмэпсымэхэм Iэзэу еуэхэм.

«Кабардинка» ансамблым и къафэхэм гъуджэм хуэдэу къощ бгырысхэм я гъащIэр, Iэзагъэр, зэфIэкIыр, дахагъэр. Пшыхьыр нэхъри ягъэдэхэнущ абы щагъэлъэгъуэну адыгэ фащэхэм.

Концертыр сыхьэтитIкIэ щекIуэкIынущ мы хэщIапIэм: Москва къалэ, Космодамианскэ уэрам, унэ №52. УпщIэ зиIэхэр фыпсалъэ хъунущ мы телефонымкIэ: 8 495 120 28 78.

**БЖЬЫХЬЭЛI Розэ.**

## Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

# Мальхъэдис



Зыгъэхьэзырар НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэщ

● Шхыныгъуэхэр

## Лэпс зэщІэт, мэл кІапэ гъэгъуа, кІэртІоф хэлъу

Мэл кІапэ гъэгъуар яупщІатэ грамм 50 хъууэрэ, псы хуабэпцІыкІэ ятхьэщІ, шыуаным иралъхьэ, псы щІыІэ щІакІэри, мафІэ иным тету зэ къытрагъэкъуалъэ, тхъурымбэр къытрахыурэ. МафІэр щабэ ящІри, шыуаныщхьэр тепІауэ ягъавэ дакъикъэ 30 - 40 хуэдизкІэ, зэзэмызэ тхъурымбэр къытрахыурэ. Шыгъу хадзэ, ІупщІэурэ упщІэта кІэртІоф халъхьэ, зэ къытрагъэкъуалъэ, шыуаныщхьэр трапІэри, мафІэ щабэм тету дакъикъэ пщыкІутху-тІощІ хуэдизкІэ ягъавэ. Шыуаныр мафІэм къытрахыжри, пэшхьэкубгъум трагъэувэ. Хьэнтхъупс хьэзырым бжьын гъэлыбжьа традзэ, шыуаныщхьэр трапІэри, дакъикъитху-хыкІэ щагъэт. Іэнэм фалъэ куукІэ пщтыру трагъэувэ. ПІастэ щІыІэ дашх, шэ хуабэ трафыхьыж.

*Халъхьэхэр (цІыхуитІ Іыхьэ):*
КІапэ гъэгъуауэ - грамми 100
Лыр зэрагъэвэну псыуэ - грамм 1000
КІэртІоф укъэбзауэ - грамми 170-рэ
Шыгъуу - узыхуейм хуэдиз.
*Бжьын гъэлыбжьам:*
Тхъу гъэвэжауэ - грамм 30
Бжьыныщхьэ укъэбзауэ - грамм 40
Шыбжий сыр хьэжауэ - узыхуейм хуэдиз.

## Лы зыдэлъ псыхьэлывэ

Былымылыр ятхьэщІ, тыкъыр цІыкІуурэ яупщІатэ, лыхьэжым щІагъэкІ, бжьыныщхьэ упщІэта, цІыкІуурэ упщІэта щэ тхъурымбэ, шыбжий плъыжь сыр хьэжа, бурш, шыгъу халъхьэ. ФІыуэ зэхагъэзэрыхьри, тхьэвым дэлъу ягъавэ. Пщтыру тепщэчым иралъхьэри, бжьыныху шыпс тракІэж.

*Халъхьэхэр:*
***Тхьэвым:***
Гуэдз хьэжыгъэу - грамм 1000
ДжэдыкІэ цІынэу - 2
Зэрапщ псыуэ - грамм 400
Шыгъуу - грамм 15
Сэхуран дагъэу - грамми 10
***Хьэлывэм дэлъынур:***
ЛыпцІэу - грамм 800
Мэл щэ тхъурымбэу - грамм 200
Бжьыныщхьэу - грамми 100
Шыгъуу - грамм 20
Шыбжий плъыжьу - г 2
Бурш хьэжауэ - грамми 3
Бжьыныху шыпсу - узыхуейм хуэдиз.

**КЪУБАТИЙ Борис.**

● ЦІыхушхуэхэм я гупсысэхэр

## Губзыгъэр куэд зыщІэракъым

**ЗдэкІуэ лъэныкъуэр зымыщІэж цІыхум жьы къепщэр гъуэгуакІуэ хуэхъунукъым.**

*Сенекэ.*

**ЦІыхур тІэу псэукъым, ауэ а зэми мыпсэуфыр куэдщ.**

*Рюккерт Фридрих.*

**ГъащІэр, щІалэгъуэм и нэкІэ - кІэ зимыІэ къэкІуэну гуэрщ, хэкІуэтам и нэкІэ - блэкІа кІэщІ гуэрщ.**

*Шопенгауэр Артур.*

**КъэбгъэщІар къызэрыппщытэнур илъэсхэркъым, атІэ ІуэхуфІхэрщ.**

*Шеридан Ричард.*

**Губзыгъэр куэд зыщІэракъым, атІэ ищІэр къэзыгъэсэбэпыфырщ.**

*Эсхил.*

**Ныбжьэгъугъэ хэмытмэ, цІыхухэм я зэхуаку дэлъ сыт хуэдэ зэхущытыкІэми мыхьэнэ иІэкъым.**

*Сократ.*

**Губзыгъагъэр нэхъ лъапІэщ сэркІэ дыщэм нэхърэ.**

*Демокрит.*

● Ди сурэт гъэтІылъыгъэхэр



Тхакlуэхэу Балъкъэр Къылышбий, Гуляев Башир, Жылэтеж Сэлэдин, Журт Биберд, Шэджыхьэщlэ Хьэмыщэ, Бицу Анатолэ. *1977 гъэ*

● ГушыІэхэр

### ХъуэпсапІэ

Студентым бэджэнду къищта фэтэрыр зейр къыщыхьащ:

- Мазэ къэс фэтэрыпщІэр къызэптыну дызэгурыІуащи, абы дытегъэт. МазитІ блэкІащи, абы и уасэр къызумытауэ ущІэзгъэкІынукъым.

- Упсэуарэт! Куэд щІауэ сызыщІэхъуэпсар къызэхъулІащ, фэтэр сиІэ хъуащ!

### Дыкъэгъафэ

Адэм пхъур иущиин и гугъэу, бгъэдотІысхьэ:

- Ленэ, зыгуэр бжесІэнущи, къызэдаІуэ.

- Папэ, нобэ Іейуэ сешащи, сынодэІуэфынукъым, дыкъэгъафи нэхъыфІщ.

### Машинэращ зэхъуэкІын хуейр

Жьы дыдэ хъуа и машинэм исуу дадэр машинэ щызэрагъэпэщыжым Іухьащ.

- Уа, си щІалэ, мы си машинэм фІыуэ къижыхьыжыркъым, дагъэр зэхъуэкІын хуэмейуэ пІэрэ?

- Хьэуэ, дадэ, дагъэм зыри и лажьэкъым, зэхъуэкІын хуейр уи машинэращ.

### КъызэрыщІэкІымкІэ...

Италием щыІэ Ортон къалэм дэт пощт къудамэм къэкІуа письмо тетхат: «Ортон дэс уэчыл нэхъ акъылыншэ дыдэм хузогъэхь».

А тхыгъэм куэдрэ «къикІухьащ», зыми къащтэн ямыдэу. Зэгуэрым, зэман зыкъом дэкІауэ, зы уэчыл гуэр тегушхуащ письмор зэтричыну. Конвертым ахъшэшхуэ къызэреІыпх хъун чек дэлът, тхыгъи щІыгъут: «КъызэрыщІэкІымкІэ, а уэзригугъэм хуэдэ дыдэу уакъылыншэкъым уэ!»

### Сыт зэджэр?

Урыс химик цІэрыІуэ гуэрым и деж щІэлъэдащ и унэм щылажьэ щІалэр:

- Зиусхьэн, уи библиотекэм дыгъу къыщІыхьащ.

ЩІэныгъэлІым и лэжьыгъэр зэпимыгъэууэ щІоупщІэ:

- Сыт зэджэр?

### Жэуап

Генералыр усакІуэм йоупщІ:

- КъызжеІэт: акъылра хьэмэрэ акъылыншагъэра нэхъ хьэлъэр?

- Дауи, акъылыншагъэрщ, - жи усакІуэм.

- Ар сыт щхьэкІэ? - егъэщІагъуэ генералым.

- Жыжьэ унэмыс, сэ си гум щІэщІар зышщ, уэ шиплІым укърашэкІ...

● ГъэщІэгъуэнщ

### ЩІыІэм дисынутэкъым

Вольтер и унэм тхэн щІэзыдзагъащІэ усакІуэ ныбжьыщІэхэр куэдрэ щыплъагъурт. Франджы тхакІуэ цІэрыІуэм и гуапэу иригъэблагъэрт ахэр икІи чэнджэщ щхьэпэхэр яритырт. Апхуэдэу зы щІымахуэ пщыхьэщхьэ гуэрым мафІэр щыпІэнкІ хьэкум и джабэм Іусу Вольтер усакІуэ ныбжьыщІэм щедаІуэм, къыпыгуфІыкІри жиІащ:

- Уи Іэдакъэ къыщІэкІа мы усэхэм мафІэ нэхъыбэ хэлъу, мы хьэкум уи усэ нэхъыбэ илъу щытамэ, мыпхуэдизу щІыІэм дисынутэкъым.

**ДОХЪУШОКЪУЭ Синэ.**

*Леонардо да Винчи*

## Дэмрэ тхьэгъуш еуапІэмрэ

Къуаргъым, зыщІыпІэ зы дэ къыщиугъуейри, зыхуэарэзыжу, тхьэгъуш еуапІэм лъэтащ. Абы тыншу щытІысри, къигъуэтар лъакъуэмкІэ иІыгъыу, и купщІэ ІэфІыр кърихын мурадыр иІэу, и пэмкІэ еуэу щІидзащ. Ауэ, иныІуэу еуа е хуэмышэрыуарэ, сытми, дэр, и лъакъуэм щІэкІэрэхъукІри, блын къэча зэхуакум дэбзэхащ.

- Уоу, угъурлыуэ блын-къыщхьэщыжакІуэ! - гъынанэу къэтхьэусыхащ дэр. СыхуимыгъэкІуадэ, гущІэгъу къысхуэщІ! Уэ апхуэдизкІэ убыдэщ икІи утеплъафІэщ, уи тхьэгъуш еуапІэри апхуэдизкІэ гъуэзэджэщи... КхъыІэ, сумыхужьэж!

Тхьэгъушхэм, мыарэзыуэ, дэгу-дэгуу вуун щІадзащ, шынагъуэ къызылъыкъуэкІынкІэ хъуну дэ хьилэшы бзаджэм дзыхь хуимыщІыну хъыбар ирагъащІэ щІыкІэу.

- Гузэвэгъуэм сыкъыхэш, щхьэегъэзыпІэншэу сыкъыумыгъанэ, сызэшэлІэж! - и тхьэусыхафэр иухыртэкъым дэм, тхьэгъушхэм я губжьа макъыр щІихъумэн гугъэр иІэу. - Сэ си чэзур къэсат, сыкъыщалъхуа, сыкъыщыхъуа си къудамэр къэзгъанэу, щІы псыІэм сыкъыхэхуэн хуейуэ. Ауэ а сыхьэтым ирихьэлІэу бзаджащІэр къыстеуащ. Ныбаблэ къуаргъыжьым сыщыжьэдэхуэм, псалъэ быдэ стащ ажалым сыІэщІэкІмэ, къысхуэнэжа си гъащІэ тІэкІур щэху дыдэу зы кумб цІыкІу гуэрым сису згъэкІуэну...

Дэм жиІэм блыныр, и нэпсыр къыфІыщІихуу, къигъэгумэщІащ. Тхьэгъушхэм дэр зэрыдзыхьщІыгъуэджэр къызэрыраІуэкІари кърымыдзэу, хьэщІагъэ ирихыну, зыщІэкІэрэхъуа дазэм щыпсэуну хуит ищІащ.

Ауэ, зэман куэди дэмыкІыу, кІуэдыну гузэвэгъуэ зытелъа дэр и фэ къихьэжащ, къыздыщыхутам есэжри, лъабжьи иутІыпщащ. Лъабжьэхэри, зыхыхьэф къамыгъанэу, хьэщІэхуэфІ блыным хыхьэу щІадзащ. Арыххэу, япэ къэкІыгъэхэри дазэм къыдэплъащ. Абыхэм, зэгурыІуэу, зэдэуэ заІэтыну хущІэкъуурэ, къару ягъуэтащ. ТІэкІу дэкІыжри, дэм къыдэжа къудамэщІэхэр, дэшхуей хъуауэ, загъэпагэу езы тхьэгъуш еуапІэм щхьэщыкІыжащ.

Псом хуэмыдэу блыным къеныкъуэкъурт дэшхуейм и лъабжьэхэр. Абыхэм, ерыщу дазэхэм зыхаукІэурэ, нэхъри зэбгрыкІырт, куэд щІауэ зэтралъхьа блыныр ягъэхъейрт, зэтрагъэщахэрт, чырбышхэмрэ мывэхэмрэ гущІэгъуншэу къыхаудырт.

Блыным икъукІэ гуваучщ къыщыгурыІуар щэхурэ мамыру псэуну зи тхьэрыІуафэ дэ фэншэжь цІыкІур егъэлеяуэ зэрыхьилэ бзаджэр. Иджы блын тхьэмыщкІэм зыри къыхуэнэжатэкъым, Іущыгъэ зыхэлъ тхьэгъуш макъхэм зэремыдэІуам хущІегъуэжауэ, и щхьэ мыгъуагъэ хуихьыжу, и жыІэзыфІэщагъэм хуэшхыдэжу, и кІэух махуэхэм ежьэн фІэкІа.

Езы дэшхуейр-щэ? Ар, кІуэ пэтми къызэтещахэ, хьэщІагъэ къезыха тхьэгъуш еуапІэри къыфІэмыІуэхужу, зигъэпагэу, и къуэпсхэр нэхъ жыжьэ идзу, нэхъ быдэ ищІу, нэхъри къызэщІэрыуэрт, нэхъ ин хъурт.

*ЗэзыдзэкІар* **ХЬЭТУ Пётрщ.**

# Концертым фрагъэблагъэ

Ди къэралым и щІыпІэ куэдым ехъулІэныгъэ яІэу зыкъыщызыгъэлъэгъуа, хэгъэгу, урысейпсо зэпеуэхэм зыбжанэрэ пашэ щыхъуа, Нартан къуажэм лъэпкъ къафэхэмкІэ щапхъэ зытрах и «Вагъуэ цІыкІу» сабий ансамблым (художественнэ унафэщІыр Къурашэ Эдикщ) концерт итынущ, Къафэм и дунейпсо махуэм и щІыхькІэ.

Къафэм зэфІэкІ щызиІэ ныбжьыщІэхэм я утыку итыкІэмкІэ куэд дахьэх. Абыхэм ягъэлъагъуэ адыгэ къафэ гъуазджэм и дахагъэр, и мыхьэнэр, Къэбэрдей-Балъкъэрым и хабзэхэмрэ къафэмрэ хуаІэ лъагъуныгъэр.

Гукъыдэж зиІэ псори Налшык и Музыкэ театрым мэлыжьыхьым и 29-м фрагъэблагъэ. ЩыщІидзэнур сыхьэт 18-рэ дакъикъэ 30-рщ.




# Псалъэзэблэдз



***ЕкІуэкІыу:*** **3**. ЩІыпІэ хуабэхэм щыІэ псэущхьэ пІащэ, хьэлъэзехьэу къагъэсэбэпу. **7**. Сату щІыпІэ. **9**. Жьэгу натІэм хэщІыхьа тегъэувапІэ. **10**. Революционер цІэрыІуэ: абы и цІэр зэрехьэ Налшык и уэрам нэхъ ин дыдэхэм ящыщ зым. **11**. ЩІымахуэр къызэрысу цІыхум ... хуабэ зыщатІагъэ. **12**. ГъущІ быдэ лІэужьыгъуэ. **14**. Танэм и ... макъ Іуэм къиІукІащ. **15**. Унагъуэм и нартыху хъумапІэ. **18**. Жыг закъуэ ... хъурkъым. **21**. Зеиншэ къабзэ. **22**. Псыхьэ кІуэ цІыхубзхэм абы фІадзэрт я пэгунитІыр. **23**. Къэбэрдей тхакІуэ. **24**. Унэр ящІа нэужь къагъэсэбэп ткІуаткІуэ. **26**. ЕуэкІыпІэ. **27**. ... вы бжьакъуэм къокІ. **28**. ХупцІынэр зэрагъэтэдж. **29**. Бдзэжьей зэрещэ. **30**. Ику иту тонн 60 - 70 хуэдэ къэзышэч псэущхьэ. **33**. Язынылъуэ сабийхэр лым апхуэдэу йоджэ. **35**. Нартхэм я ныкъуэкъуэгъу лъэпкъ. **36**. Режиссёр, ЩоджэнцІыкІу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и художественнэ унафэщІ. **37**. Вакъэдыж Іэмэпсымэ. **39**. ... зыхэвэ нэхърэ бжэн зыхэпкІэ. **40**. ЩІымахуэм щыгъыным хищІэ хьэпІацІэ. **41**. ГъэшхэкІ. **42**. ... лъакъуэ шкІэ иукІрэ? **44**. Узижагъуэм и нэм ... ущІоуэ. **45**. Совет властыр къызэзыгъэпэщахэм я пашэ. **47**. Таурыхъ, шыпсэ, ... **48**. Пщащэм и ... къэкІуэгъуэщ. **49**. Тутнакъэщым апхуэдэуи йоджэ.

***Къехыу:*** **1**. Сыбырым щыІэ къалэшхуэ, цІыхуу мелуаным щІигъу дэсу. **2**. ТхъуцІынэ щІэпхумэ къанэ псыр. **4**. ХадэхэкІ. **5**. Нарт лІыхъужь Щэуей и адэр. **6**. Зыгуэрым иш ирахужьамэ е унагъуэ гуэрым япхъу зэрымыщІэкІэ ирахьэжьамэ, кІэлъыщІэпхъуэ гуп. **8**. «ХьэтІохъущокъуэуэ лІы фІыцІэ фагъуэ, Гуащэнагъуэр зытегъуэгэн, ... зы шэ нахэдзэ (адыгэ уэрэдыжьым щыщ пычыгъуэ). **13**. ЩІы щхьэфэ тещтыкІа. **14**. ... къыщхьэщихыу Іэнэм лэпс трагъэуващ. **16**. ... хабзэ. Е ... къафэ. **17**. Чыржын, мэжаджэ, хьэтыкъ, ... **19**. «Сэ сщІа псор сІуэтэжмэ, ... къысфІащынщ», - жиІэгъащ зы адыгэлІ къэмыланджэ гуэрым. **20**. Адыгэ хьэгъуэлІыгъуэхэм кърихьэлІахэр игъэдыхьэшхыу нэхъапэхэм хэта джэгуакІуэ. **25**. Къуажэдэс куэдым хадэхэкІ гъэфІэІуа зэрахъумэ кумбыгъэшхуэ. **26**. ЩІыпІэ хуабэхэм узыщрихьэлІэ псэущхьэ пІащэ, тонн зыплІытху и хьэлъагъыу. **30**. Хьэри дзыгъуэри а псэущхьэм теплъэ хъуркъым. **31**. Дунейр щыуаем деж щІым трищІэ уэс пІащІэ. **32**. А псы Іуфэм я сабиигъуэр щахьащ Нало зэкъуэшхэм - Ахьмэдхъанрэ Заурркэ. **34**. Абы тутын ирагъэщащэурэ ирофэ. **38**. Дыщэр ... хуэныкъуэкъым. **39**. Зэхьэзэхуэр мэунэри, зэижитІыр ... **42**. Пщыхьэщхьэм хэкІуэтауэ ящІ нэмэз. **43**. Къуаншагъэ зылэжьа цІыху. **44**. Язынылъуэ къэкІыгъэхэм ятет «мастэ». **46**. А хадэхэкІым псыуэ щІэтыр процент 97-м нос.

*Зэхэзылъхьар* **МЫЗ Ахьмэдщ.**

***Мэлыжьыхьым и 7-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:***

***ЕкІуэкІыу:*** **1**. Шу. **5**. Шху. **7**. Шыпсыранэ. **8**. Дерт. **9**. Пхъужь. **10**. Ленэ. **13**. Къэптал. **15**. Жэгундэ. **18**. Щыщ. **19**. Роман. **20**. Шыд. **22**. Гуэн. **24**. Шэшэн. **26**. Сэху. **27**. ХьэпцІий. **28**. Азэмэт. **31**. Псыжь. **33**. Пхъы. **34**. Шылэ. **35**. БжьыхьэкІапэ. **36**. Пхъу. **37**. Сэ.

***Къехыу:*** **1**. Шордакъ. **2**. Чынт. **3**. Пыпхъуэ. **4**. Анэл. **6**. Хуэрэджэ. **11**. Даур. **12**. Пэгун. **14**. Пэщ. **16**. Ныш. **17**. Емышэ. **18**. Щыгу. **21**. Дыху. **23**. Нып. **24**. Шхий. **25**. Назэ. **26**. Сом. **27**. Хьэпшып. **29**. ТхьэкІумэ. **30**. Ахъшэм. **32**. Жьажьэ. **34**. Шэпхъ.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:
**ЖьэкІэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Истэпан Залинэ, Кърдэн Маритэ, НэщІэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ Изэ.**



Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІхэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхухэмкІэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; хабзэхъумэ ІуэхущІапІэхэм ядэлэжьэнымкІэ - 42-60-53; узыншагъэмкІэ, экологиемрэ спортымкІэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер ІэнатІэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ ІуэхущІапІэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.
Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.
«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

*Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ* **Джатокъуэ Залинэ,** *редактору* **ЖьэкІэмыхъу Маринэ,** *корректорхэу* **Щоджэн Иннэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(3, 4-нэ нап.), корректорхэм я дэІэпыкъуэгъу* **Нэужьокъуэ Заирэ.** *КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ* **Ныр Саидэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**
Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер ІэнатІэм щагъэхьэзыращ.
Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.
Индексыр 51531 ● Тираж 2.046 ● Заказ №380